



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ AK NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 49 MILYON DOLA NAN YONKERS

Landy Court gen ladan 80 apatman nan pri abòdab, sa gen ladan 48 ki gen sèvis sipò yo pou adilt ki te sanzabri anvan yo

Devlopman an ranplase teren vid ak bilding abandone toupre anba lavil la avèk rezidans ki gen sèt etaj

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon devlopman lojman 49 milyon dola ki pral pote 80 nouvo apatman nan pri abòdab nan anba lavil Yonkers. Landy Court, yon bilding sèt etaj ki sitiye nan School Street, pral gen ladan kay ki rezève pou rezidan ki pa te gen kay anvan sa yo ki pral gen aksè ak sèvis sipò sou plas.

"Pandan n ap travay pou konbat sitiyasyon sanzabri epi bay tout Nouyòkè yo estabilite lojman, li enpòtan pou nou elaji aksè nan lojman ki bay sipò ak bon jan kalite swen sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman nou an nan Landy Court pral bay 48 moun ak fanmi swen sou plas ak sèvis yo bezwen pou yo pwospere. Lè nou kreye nouvo opsyon lojman nan pri abòdab nan anba lavil Yonkers, nou pral amelyore kalite lavi vwazen ki pi vilnerab nou yo epi ranfòse kominote yo rele lakay yo".

Landy Court fè pati gwo plan Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Nan kad plan sa a, semèn sa a, Gouvènè a te siyen nouvo lejislasyon pou ede transfòme espas otèl ki pa ase itilize pou tounen lojman nan pri abòdab pou Nouyòkè ki gen revni ba epi ki se ansyen sanzabri yo.

Landy Court gen ladan 80 apatman pou k ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti pase sa. Anplasan School Street la te gen ladan okòmansman twa pasèl avèk bilding vid ki te demoli.

Rezidan apatman sipò yo pral resevwa sèvis atravè Sant Medikal St. Joseph. Sèvis sa yo gen ladan jesyon ka endividyèl, sèvis edikasyon, asistans travay, kowòdinasyon

sante sikyatrik ak konpòtmantal ak sipò pou toksikomani, ansanm ak sèvis referans avèk plizyè kalite pwogram nan rezo lopital la.

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yo yon sal kominotè ki gen kwizin, biwo pou pèsònèl, yon sal egzèsis fizik, yon bibliyotèk, enstalasyon pou lesiv ak yon jaden sou twati a. Devlopman an gen ladan tou 2,200 pye kare espas pou biwo sèvis sosyal ke St. Joseph pral itilize epi 34 espas pou pakin.

Landy Court sitiye nan distans pou mache ale nan sant komèsyal, restoran, liy bis, pak, sèvis minisipal ak kanpis prensipal lopital St. Joseph.

Finansman Eta pou devlopman 49 milyon dola a gen ladan 15.1 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun avèk Revni Ba ki jenere 17.2 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 10.7 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la te bay 2.8 milyon dola atravè Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program, HHAP). Biwo Sante Mantal Eta New York lan te bay finansman pou konstriksyon ak 345,000 dola nan finansman Sibvansyon pou Devlopman Pwogram pou sipòte depans inisyal yo tankou mèb, rekritman pèsònèl ak fòmasyon.

OMH te bay finansman tou pou sibvansyon nan lwaye ak sèvis sipò. Ekip devlopman an gen ladan Sant Medikal St. Joseph ak Concern Housing, Inc.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Nan dènye deseni an, HCR te investi plis pase 462 milyon dola pou kreye ak prezève 3,500 kay nan pri abòdab nan Yonkers. 49 milyon dola Landy Court la ap bati sou siksè sa a avèk 80 apatman anplis, ki gen ladan 48 ki gen sèvis sipò sou plas. Ansanm ak patnè nou yo, Sant Medikal St. Joseph ak Concern Housing, Inc., n ap ede rezidan yo konstwi lavi ki estab ak reyisi nan yon bilding modèn ki gen aksè fasil nan transpò piblik ak sèvis. Devlopman sa a montre kijan nou ka konbat sitiyasyon sanzabri ak ensekirite lojman pandan l ap kenbe anba lavil nou yo ap pwospere. Felisitasyon pou tout moun ki te jwe yon wòl nan pote devlopman sa a nan Yonkers".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Landy Court pral bay moun k ap viv avèk maladi mantal yo sèvis sou plas ak kay ki sekirite ak estab yo bezwen pou yo viv lavi ki konplè ak pwodiktif nan pwòp kominote yo. Sa a se yon gwou adisyon nan anba lavil Yonkers ak yon lòt egzanp angajman Gouvènè Hochul pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo epi nou menm nan OMH nou fyè paske nou te jwe yon wòl nan konstriksyon li."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta a, Daniel W. Tietz, te deklare, "Lojman sipò jwe yon wòl enpòtan nan asire estabilite lojman alontèm pou anpil moun ki te nan sitiyasyon sanzabri. Landy Court bay lojman pèmanan konpare konbine ak sèvi sipò pou adilt ki gen yon maladi mantal grav, pandan sa ap revitalize yon blòk nan vil la

ki te gen bilding ki vid, delabre. Pwojè sa a, menm jan ak anpil lòt ki jwenn sipò atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri yo, demontre plis angajman inebranlab Gouvènè Hochul pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a kay sekirite ak bon mache.”

Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare, “Felisitasyon ak Sant Medikal St. Joseph sou vizyon ak achèvmman bèl adisyon sa a nan pak lojman vil nou an. St. Joseph's te depi lontan yon poto mitan nan kominote nou an epi pwojè sa a demontre angajman kontinyèl yo nan bezwen rezidan nou yo, bay nouvo lojman bon jan kalite ak nan pri abòdab”.

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, “Tout rezidan Yonkers merite pou yo viv nan katye ki abòdab, an sekirite epi ki dinamik, se poutèt sa mwen te vote an favè plan 5 ane Eta New York pou ajoute 100,000 inite lojman nan pri abòdab. Nan travay ansanm ak Gouvènman Eta ak Lokal, òganizasyon kominotè, ak pwomotè yo, nou ka abòde kriz lojman an epi fè vil nou an tounen yon kote ki pi abòdab pou tout moun.”

Senatè Lidè Majorite Eta, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, “Nominasyon devlopman sa a se yon omaj enteresan ak apwopriye pou Jim Landy ak tout efò li pou kreye lojman abòdab nan Yonkers nan wòl li kòm Prezidan Otorite Lojman Minisipal pou Vil Yonkers ak Prezidan Sant Medikal St. Joseph. Landy Court se yon devlopman inik ak inovatè, ki pral non sèlman bay lojman ki sekirite ak bon mache pou moun ki pral abite la, men li pral bay sibvansyon pou lwaye ak sèvis sipò sou plas pou 48 adilt ki se ansyen sanzabri. Tout kominote a benefisye lè patenarya tankou sila ant Sant Medikal St. Joseph, Concern Housing, Inc., Biwo Sante Mantal Eta New York, Biwo Asistans Tanporè ak Andikap ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote egziste. Mwen konprann ki jan lojman nan pri abòdab enpòtan anpil, se poutèt sa mwen te priyore anpil finansman pou ajans sa yo”.

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte, te deklare, “Konte Westchester kontan dèske li te jwe yon wòl nan reyamenajman bilding vid nan School Street nan Yonkers, ki pral bay kounye a 80 inite lojman nan pri abòdab pou fanmi yo, ak 48 inite ki dedye pou adilt k ap lite ak sitiyaasyon sanzabri. Achèvmman Landy Court ajoute nan misyon nou pou kreye ak soutni lojman abòdab nan Westchester, pandan l ap bay sèvis sipò ki nesèsè yo epi ede revitalize kominote Yonkers sa a.”

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Medikal St. Joseph la, Michael Spicer, te deklare, “Lojman nan pri abòdab ak sipò Saint Joseph satisfè yon bezwen enpòtan nan kominote nou an. 32 inite lojman nan pri abòdab yo bay yon nouvo lokal ki atiran ak pèmanan pou viv pou moun ak fanmi lokal ki satisfè kalifikasyon yo. 48 apatman sipò yo pral satisfè bezwen moun sa yo ki te demontre kapasite pou yo viv poukont yo nan kominote a avèk sèvis sipò sou plas. Pwogram sa a fèt pou ofri sipò ak asistans pou ede moun yo kenbe konpetans lavi chak jou yo epi ankouraje entegrasyon reyisi nan kominote a. Yo te rele bilding lan, Landy Court, pou onore James J. Landy, Prezidan Konsèy nou an ak ansyen sipòtè lojman abòdab”.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418